

ABSTRAK

Fauziah. (2022). Pangaruh Ngagunakeun Média *Blogspot* Salaku Média Informasi dina Ngaronjatkeun Kualitas Sastra Digital Siswa Kelas IV SD.

Ieu panalungtikan téh didorong ku kurangna pamahaman kana konsép literasi digital siswa SD. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ngaronjatna kamampuh maca digital siswa sanggeus ngagunakeun *website Blogspot* pikeun siswa kelas IV SDN Karang Mulya Kabupatén Subang Taun Ajaran 2021/2022. Tina hasil ngadistribusikaeun angkét dina tahap awal anu geus dilakukeun panalungtik, nuduhkeun yén kamampuh maham kana konsép ngagunakeun *Blogspot* salaku média digital pikeun siswa téh masih rendah. Ku kituna, nu nulis museurkeun panitén pikeun ngayakeun panalungtikan anu judulna “Pangaruh Ngagunakeun Média *Blogspot* Minangka Média Informasi dina Ngaronjatkeun Kualitas Literasi Digital Siswa Kelas IV SD”. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode déskriptif survéy. Populasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta 41 siswa kelas IV SDN Karang Mulya. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik sampel jenuh sabab jumlah réspondén kurang ti 100. Ngagunakeun métode persentase pikeun ngukur hasil angkét, instrumén panalungtikan ngawengku indikator média *Blogspot* jeung literasi digital. Angkét anu dipidangkeun ngagunakeun Skala Likert diwangun ku persentase 1 nepi ka 5 kalayan tafsiran Sangat Teu Satuju, Teu Satuju, Mamang, Satuju, jeung Sangat Satuju. Aya 15 pernyataan variabel média *Blogspot* jeung 9 pernyataan variabel literasi digital kalawan sakabéh pernyataan miboga ajén positif. tina 4,35 anu nuduhkeun interprétasi "saé pisan" sabab aya dina rentang 4,21 - 5,00 kalayan total skor rata-rata saméméhna ngan ukur 3,68, nunjukkeun paningkatan 0,7. Sedengkeun dina variabel literasi digital aya paningkatan 0,3, anu saméméhna 3,83 jeung sanggeus dilarapkeunana konsép digital literasi nya éta 4,13. Saterusna lamun ditilik tina tafsir ngaronjatna lumangsung tina kategori “Hadé” jadi “Hadé pisan”. Saterusna ngaronjatna dikuatkeun ku wawancara jeung hasil observasi kagiatan anu nuduhkeun jumlah 88 jeung asup kana interval 76-100 anu asup kana tafsir “Hadé pisan”.

Kecap Pamageuh : Média *Blogspot*, Literasi Digital.